

**CAPITAL HEALTH SYSTEM  
PWOGRAM KONFÒMITE ANTREPRIZ  
PRENSIP AK PWOSEDI**

<b>TIT:</b> Koleksyon Lopital ak Prensip Asistans Finansye	<b>NO:</b> CCP-FI-006
<b>SOUS ORIJIN LI:</b> Konfòmite Antrepriz la	<b>DAT LI KÒMANSE:</b> janvye 2024
<b>OTORIZASYON EGZEKITIF:</b>  Al Maghazehe, Ph.D., CHE Prezidan ak PDG	<b>PÈSONÈL:</b> Finans Aksè Pasyan Kont Pasyan
Stephen A. Miller, JD Direktè Jeneral Konfòmite	<b>RANPLASE:</b> CCP-FI-006 desamm 2024
Shane Fleming Vis Prezidan Prensipal & Direktè Jeneral Finans	<b>DISTRIBISYON:</b> Capital Link – Konfòmite Antrepriz
	<b>OTORIZASYON KOMITE:</b>  Komite Egzekitif Direksyon Konfòmite Antrepriz
	<b>OTORIZASYON EGZEKITIF:</b>  Komite Administratif

## I. OBJEKTIF

Etabli estanda pou bay bòdwo yon fason ki jis ak ekitab, pratik koleksyon ak asistans finansye ki reflete estati Capital Health Medical Center – Hopewell ak Capital Health Regional Medical Center ('n ap rele ansanm "Capital Health") kòm yon pwofesyonèl swen sante ki pa komèsyal epi ki kore misyon li bay rezidan nan zòn sèvis li yo bon jan kalite sèvis swen sante san gade sou mwayen yo pou peye.

## II. FÒM/ATACHMAN

Fèy Kalkil Finansye Konfidansyèl Capital Health

Lis Pwofesyonèl Swen Sante Capital Health

## III. EKIPMAN/ATIK

Okenn

## IV. PRENSIP

Parapò ak Misyon li, Capital Health, ak nenpòt lòt antite gen asosye ak li, jan li defini nan Sèvis Revni Entèn nan, respekte pratik faktirasyon ki jis ak ekitab ki trete tout pasyan yo ak diyite, respè ak konpasyon. Capital Health sèvi bezwen ijans ak lòt swen sante ki nesesè pou rezon medikal tout moun san gade sou kapasite yo pou peye selon prensip li sou Swen Ijan (Prensip No. CCP-PC-002) avèk Lwa Sou Tretman Medikal Ijan ak Travay [Emergency Medical Treatment and Labor Act (EMTALA)]. Capital Health facilite asistans pou pasyan ki pa gen mwayen pou peye yon pati oswa tout swen yo te resevwa yon fason ki respekte misyon ak valè Capital Health epi ki konsidere mwayen tout moun pou peye pou swen yo resevwa a.

Tanpri gade Anèks B pou yon lis tout pwofesyonèl swen sante k ap bay sèvis ijan oswa lòt sèvis swen sante ki nesesè pou rezon medikal nan Capital Health Medical Center - Hopewell ak Capital Health Regional Medical Center ak si Prensip Asistans Finansye ("FAP") a garanti yo ou pa. N ap revize lis sa a chak twa mwa epi mete li ajou, si li nesesè.

## V. PIBLIYE ANPIL KOTE

FAP a, Fèy Kalkil Finansye Konfidansyèl Capital Health la "(Aplikasyon)" ak Rezime Nan Langaj Senp la ("PLS") disponib an angle ak lang prensipal popilasyon angle yo limite ki se omwen 1,00 moun oswa 5% kominote chak zòn sèvis prensipal lopital la sèvi. N ap fè tout efò pou garanti pasyan lang prensipal yo pa nan lis tradiksyon ki disponib yo konprann sa ki nan dokiman FAP yo byen klè. PLS, oswa Rezime Nan Langaj Senp la, se yon deklarasyon ekri ki fè yo moun konnen lopital la ofri asistans finansye epi ki bay enfòmasyon sou FAP nan yon langaj ki klè, kout epi fasil ou konprann.

Capital Health fè tout efò ki rezonab pou fè pasyan yo konnen asistans finansye ki kapab disponib pou yo. Lè yon pasyan mande enfòmasyon sou asistans finansye, pèsonèl la ap di pasyan an asistans finansye kapab disponib men sèlman selon kritè yo ki nan prensip sa a epi pou resevwa plis enfòmasyon, pasyan oswa doktè a dwe kontakte Responsab Kredi ak Koleksyon nan Depatman Kont Pasyan an.

M ap mete FAP, Aplikasyon, ak PLS yo kote pou tout moun kapab fè nan fason sa yo:

- A. FAP, Aplikasyon ak PLS la ap disponib pou tout moun sou sitwèb Capital Health la: [www.capitalhealth.org](http://www.capitalhealth.org);
- B. Depi yon moun mande l ap jwenn kopi FAB, Aplikasyon ak PLS yo sou papye gratis pa lapòs oswa nan espas piblik chak lopital (sa gen lajan ominimòm sal dijans la ak kote pou anrejistre pasyan yo) ki nan adrès sa yo:

Capital Health Medical Center – Hopewell  
One Capital Way  
Pennington, NJ 08534

Capital Health Regional Medical Center  
750 Brunswick Avenue  
Trenton, NJ 08638

- C. Enfòme ak notifye moun nan kominate chak lopital sèvi yo sou FAP yon fason 1 ap jwenn moun nan kominate a ki gen plis chans pou bezwen asistans finansye;
- D. Notifye ak enfòme moun ki resevwa swen nan lopital yo sou FAP konsa:
  1. Ofri yon kopi PLS la sou papye bay pasyan ki entène yo kòm yon pati pou anrejistre yo nan lopital la;
  2. Mete anons ki ekri yon kote tout moun kapab wè sou bòdwo yo ki enfòme pasyan yo sou asistans finansye ki disponib;
  3. Mete pano kote tout moun kapab wè ki notifye ak enfòme pasyan yo sou asistans finansye ki disponib nan espas piblik chak lopital.

## VI. PWOGGRAM ASISTANS FINANSYE AK KRITÈ POU KALIFYE

### A. Pasyan San Asirans:

Nou defini yon pasyan san asirans kòm on moun ki pa gen okenn pwoteksyon asirans pou sèvis yo ki nesesè pou rezon medikal epi ki pa kalifye pou okenn pwogram Eta, Federal ak lokal. Si pasyan an satisfè definisyon sa a ak kritè nou defini an nan "a" ak "b" pi ba a; pasyan an ap kalifye pou yon Rabè Moun San Asirans Eta a rann obligatwa k ap ajiste responsablite pasyan an a pa plis pase 115% ranbousman Medicare a (*Lwa Biblik NJ 2008, c.60*). Pa gen okenn aplikasyon ki obligatwa pou rabè sa a.

Men kijan nou kalkile rabè a:

1. Pou tout sèvis pou pasyan ki entène itilize 115% kantite DRG Medicare a; epi
2. Pou tout sèvis pou pasyan ki pa entène itilize 115% kantite Medicare a.

Pasyan ki san asirans la dwe satisfè kritè sa yo:

- a. Capital Heath rezève tèt li dwa pou li aplike rabè yon fason ekitab sou baz sikonstans finansye chak pasyan.

Si pasyan an ranpli Aplikasyon an epi li kalifye pou Asistans Finansye sou prensip sa a, pasyan an p ap gen pou peye plis pase rabè pou moun san asirans la oswa kantite yo bay bòdwo anjeneral pou swen sa a (gade nan Seksyon VII).

### B. Pwogram Asistans Peman Swen Lopital New Jersey ("Charity Care"):

Asistans Charity Care (Swen Charite) se swen gratis oswa ak yon pri redui ki disponib pou pasyan ki entène ak pa entène k ap resevwa sèvis nan lopital swen egi toupatou nan Eta New Jersey.

Charity Care se yon pwogram ki disponib pou rezidan New Jersey ki:

1. Pa gen okenn pwoteksyon asirans sante oswa gen pwoteksyon ki peye sèlman yon pati nan bòdwo a;
2. Pa kalifye pou okenn pwoteksyon prive oswa gouvènman peye; epi
3. Satisfè kritè kalifikasyon ki baze sou revni ak byen Eta a etabli.

Kritè Kalifikasyon Revni - Pasyan ak fanmi revni brit yo pi piti pase oswa egal ak 200% Gid Povrete Federal la [Federal Poverty Guidelines ("FPG")] ki kalifye pou

100% pwoteksyon Charity Care. Pasyan revni brit fanmi yo plis pase 200% men pi piti pase oswa egal la 300% FPG a kalifye pou swen ak yon rabè sou pwogram Charity Care a. Kritè kalifikasyon revni baze sou revni touswit apre dat sèvis la.

Kritè Kalifikasyon Byen - Byen yon pasyan pa kapab depase \$7,000 epi byen fanmi an pa kapab depase \$15,000 depi dat sèvis la pou li kapab kalifye. Pou rezon seksyon sa a, fanmi nou dwe konsidere byen yo ap responsab legalman jan li defini nan N.J.A.C. 10:52-11.8(a).

N ap itilize Kritè Revni Moun San Asirans Depatman Swen Sante New Jersey a pou detèmine swen k ap gratis oswa garanti yon pati.

**C. Rabè Pou Moun San Ase Asirans:**

Capital Health bay yon rabè pou tout moun ki kalifye epi ki pa gen ase asirans ki pa gen mwayen pou peye tout oswa yon pati nan bòdwo lopital yo. Rabè sa a disponib pou pasyan ki pa gen ase asirans epi ki satisfè kritè kalifikasyon revni sa yo.

Kritè Kalifikasyon Revni - Pasyan ak fanmi revni brit yo pi piti pase oswa egal ak 400% Gid Povrete Federal la [Federal Poverty Guidelines ("FPG")] ki kalifye pou 100% pwoteksyon. Pasyan revni brit fanmi yo plis pase 400% men pi piti pase oswa egal la 600% FPG a kalifye pou swen ak yon rabè.

N ap double kantite ki nan Kritè Revni Moun San Asirans Depatman Swen Sante New Jersey a pou detèmine swen k ap gratis oswa garanti yon pati.

**VII. KANTITE YO BAY BÒDWO ANJENERAL ("AGB")**

Konfòmeman ak Kòd Revni Entèn §501(r)(5), nan ka swen ijan oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal, pasyan ki kalifye pou asistans finansye sou FAP sa a p ap gen po peye plis pase moun ki gen asirans k ap garanti swen sa a.

Capital Health itilize Metòd Gade Dèyè a, sèvis frè Medicare a plis asirans sante prive pou kalkile yon pouvantaj AGP pou chak nan lopital li yo. Nou kalkile pouvantaj AGB a chak ane selon tout reklamasyon sèvis frè Medicare a plis asirans sante prive yo pèmèt pandan yon peryòd 12 mwa, divize pa sòm ki asosye ak frè brit reklamasyon sa yo. Y ap mete pouvantaj AGB ki aplikab la sou frè brit la pou detèmine AGB a.

Men kisa rezulta pou santaj AGB a ap ye:

*Capital Health Regional Medical Center*

- Sèvis Pasyan Entène— 7.91%
- Sèvis Pasyan Pa Entène— 11.57%

*Capital Health Medical Center – Hopewell*

- Sèvis Pasyan Entène— 6.41%
- Sèvis Pasyan Pa Entène— 8.93%

Nenpòt pasyan ki kalifye pou asistans finansye ap toujou gen pou peye mwens AGB oswa nenpòt rabè ki disponib sou FAP sa a.

**VIII. METÒD POU APLIKE ASISTANS FINANSYE – SWEN BYENFEZANS AK MOUN KI SAN ASE ASIRANS YO**

- A. Moun ki san asirans yo ap jwenn yon rabè jan li dekri nan Pati VI (A). Y ap bezwen ranpli yon aplikasyon ou rabè sa a. Moun ki san asirans yo kapab aplike pou asistans finansye jan li dekri nan Pati VII (C).
- B. Pasyan ki satisfè kritè kalifikasyon pou Charity Care yo dwe ranpli yon Aplikasyon Pou Patisipasyon Nan Pwogram Asistans Lopital New Jersey konplè..

Aplikasyon sa a gen sèten dokiman ki nesesè selon Manyèl Sèvis Lopital Seksyon Charity Care a N.J.A.C. 10:52. N ap bezwen dokiman sa yo pou konsidere kalifikasyon yon pasyan:

1. Dokiman awopriye pou idantifikasiyon pasyan ak fanmi:  
Sa kapab genyen bagay sa yo ladan: lisans pou kondi, kat sekrite sosyal, kat rezidans, batistè paspò, viza, idantifikasiyon eta a ba ou, elatriye.
2. Prèv ou se yon Rezidan New Jersey nan dat sèvis la: Sa kapab genyen ladan nenpòt nan bagay sa yo: lisans pou kondi, kat idantifikasiyon plan asistans sosyal, bòdwo pou sèvis piblik, deklarasyon taks sou revni Federal, deklarasyon taks sou revni eta, oswa on deklarasyon alokasyon chomaj (remak: swen ijan se yon eksepsyon pou egzijans rezidans la).
3. Prèv revni brit:  
Sa kapab genyen ladan sous chèk, W-2, deklarasyon alokasyon chomaj, elatriye.
4. Prèv byen depi dat sèvis la:

Sa yo se bagay ou kapab chanje an lajan kach. Yo gen ladan deklarasyon labank, deklarasyon envestisman, elatriye.

Yon lè konsa, nou kapab mande plis dokiman selon sikontans aplikasyon moun nan. Yon moun kapab aplike pou Charity Care jiska dezan (730 jou) apre dat sèvis la.

- C. Pasyan ki satisfè kritè kalifikasyon pou Rabè Moun San Asirans la dwe soumèt yon Feyè Kalkil Finansye Konfidansyèl Capital Health konplè pou konsidere li pou kalifikasyon. Ou p ap bezwen soumèt okenn dokiman an plis ak sa yo.

Anjeneral, premye bagay pasyan ki bezwen asistans finansye ap bezwen fè se soumèt yon Fèy Kalkil Finansye Konfidansyèl. Selon enfòmasyon yo bay, Depatman Kredi ak Koleksyon Capital Health la ap fè pasyan an konnen si li kapab kalifye pou asistans finansye ou pa. Capital Health rezèvè tèt li dwa pou aplike rabè yon fason ekitab sou baz sikontans finansye chak pasyan.

Kou yon pasyan fin soumèt yon Aplikasyon, pèsonèl depatman Kredi ak Koleksyon an ap revize Aplikasyon an pou wè si li kalifye. N ap ekri pasyan an, oswa moun ki responsab sou plan finansye an pou fè li konnen desizyon nou.

Si Capital Health resevwa yon Aplikasyon ki pa konplè, y ap ekri pasyan, oswa moun ki responsab sou plan finansye an, yon avi ki detaye plis enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon li bezwen pou detèmine si li kalifye pou FAP. Pasyan, oswa moun ki responsab sou plan finansye an, ap genyen pou plis 30 jou oswa kantite jou ki rete nan Peryòd Aplikasyon an (dezan oswa 730 jou apre dat sèvis la) pou soumèt yon Aplikasyon konplè ak nenpòt enfòmasyon anplis Capital Health mande. Anplis, y ap bay pasyan yo yon PLS.

Tanpri gade Pati V pou kote Aplikasyon an disponib gratis si ou mande li.

## IX. PRATIK FAKTIRASYON AK KOLEKSYON

- A. Tout kont konpayi asirans pasyan an kite yon rès pou peye oswa li pa gen yon konpayi asirans pou peye pou li, nou konsidere se pasyan an k ap peye poutèt li. N ap ofri pasyan sa yo enfòmasyon sou asistans finansye lè yo enskri.
- B. Pasyan k ap peye poutèt yo ap resevwa yon seri kat lèt ak yon avi ijan pandan yon peryòd 13 jou apre dat yo resevwa premye bòdwo pou swen an. Nou dwe voye avi ijan sa a bay pasyan yo pou bay yo omwen 30 jou pou peye rès lajan yo dwe a avan nou voye dét la ba yon ajans koleksyon. Avi a ap:
- endike gen asistans finansye disponib pou pasyan ki kalifye yo;
  - gen yon nimewo telefòn kote moun yo kapab jwenn enfòmasyon sou FAP ak asistans ak pwosesis Aplikasyon an;

- gen adrès sitwèb òganizasyon ak kote yo kapab jwenn kopi FAP, Aplikasyon ak PLS la;
- idantifye Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè ("ECA") Konpayi Endependan an gen entansyon fè pou touche pou swen an;
- mete yon delè pou lè y ap kòmanse ECA yo (epi delè sa a pa kapab avan 30 jou apre yo bay avi a); epi
- mete yon kopi PLS la.

Capital Health ap fè tout efò rezonab pou notifye moun nan pa bouch sou FAP a ak kijan moun nan kapab jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon an.

- C. An plis lèt ak avi ijan an, depatman kont pasyan an ap rele moun nan sou telefòn si li dwe plis pase \$750.00 pou eseye regle balans li dwe a.
- D. Si moun nan pa regle sa poutèt li nan lespas 135 jou, y ap make kont la kòm yon move dèt epi transfere li ba youn nan ajans koleksyon depandan prensipal yo sou non pasyan an.
- E. Ajans koleksyon prensipal la gen 270 jou pou travay ak kont la. Nan fen 270 jou a, si pasyan an toujou dwe sou kont la, y ap voye konte la sou yon ajans koleksyon segondè otomatikman. N ap itilize yon sèl ajans koleksyon segondè.
- F. Yon moun gen dezan (730 jou) apre dat sèvis la pou aplike pou asistans finansye.
- G. Si Capital Health resevwa yon Aplikasyon konplè, l ap garanti bagay sa yo fèt:

- Yo koupe ECA kont pasyan an;
- Yo deside si moun nan kalifye epi ekri sa atan;
- Capital Health ap ekri pasyan an pou fè li konnen desizyon an ak rezon nou pran desizyon an, kijan nou te deside kantite a ak pouvantaj AGB ki aplikab;
- N ap bay pasyan an yon bòdwo revize ki di kantite pasyan ki kalifye pou FAP a dwe (si li apwopriye); epi
- N ap ranbouse pasyan ki kalifye pou FAP a nenpòt lajan li te peye an plis kòmsadwa (si li aplikab epi li plis pase \$5).

- H. Si Capital Health resevwa yon aplikasyon ki pa konplè, l ap ekri pasyan an yon avi ki dekri enfòmasyon ak dokiman li bezwen an plis pou deside si li kalifye pou FAP.. Konpayi Endepandan yo ap koupe nenpòt ECA pou touche pou swen an jiskaske Capital Health deside si li kalifye pou FAP ou pa.
- I. Ajans koleksyon segondè a se sèl ajans ki gen otorizasyon pou mennen pasyan nan lajistik pou kont ki gen yon move dèt. Apa nenpòt kont ajans koleksyon segondè a ap mennen lajistik, ajans koleksyon segondè a gen 370 jou pou travay sou kont la.
- J. Nan fen peryòd 270 jou ak ajans koleksyon segondè a yo retounen kont la sou sistèm kontablite pasyan an otomatikman epi yo mete yon kòd "TB" (retran) sou li).
- K. Sa asire yon kont ak kòd ajans TB a te nan sik koleksyon moun ki peye pou tèt y pou 135 jou, ak yon ajans koleksyon prensipal pou 270 jou epi ak yon ajans koleksyon segondè pou yon lòt 270 jou.
- L. N ap trete tout kont egal-ego kèlkeswa moun k ap peye sou li a.

Lè yon pasyan di li pa gen mwayen oswa li gen difikilte pou respekte obligasyon finansye li gen pou Capital Health parapò ak swen li, Capital Health ap travay ak pasyan an pou konnen ki asistans finansye ki disponib pou satisfè obligasyon an. Asistans finansye kapab genyen ladan:

- A. Etabli yon plan peman, ki pa sipoze depase rès jou nan sik faktirasyon an avan yo te voye li sou ajans koleksyon prensipal la;
- B. Idantifye asistans finansye ki disponib nan pwogram tankou Medicaid, Charity Care oswa lòt òganizasyon charite endepandan;
- C. Yon rabè sou yon pati oswa tout lajan pasyan an dwe pou swen li selon kondisyon prensip sa a.

Capital Health egzije ajans koleksyon li yo pou respekte prensip sa a. Pou ede yo konfòme ak prensip sa a, Capital Health mete nan tout aranjman ak ajans koleksyon:

- A. Egzijans pou ajans koleksyon yo pa patisipe nan okenn aktivite ki vyole Lwa Sou Pratik Koleksyon Dèt ki Jis [ Fair Debt Collections Practices Act (15 U.S.C. Section 1692 et. seq.)].
- B. Ajans la rekonèt misyon ak estati Capital Health kòm yon òganizasyon ki pa komèsyal ak yon akò ajans la pou pa patisipe nan okenn pratik ki kont estati sa a oswa ki vyole prensip sa a.

Capital Health ap mennen yon pasyan lajistik pou satisfè obligasyon finansye li sèlman kote gen rezon pou kwè pasyan an oswa moun ki responsab la gen ase lajan ak/oswa byen

pou satisfè obligasyon an san difikilte. Capital Health pa p eseye vann oswa sezi rezidans prensipal yon pasyan pou satisfè obligasyon finansye li.

## X. REFERANS

Depatman Sèvis Sante ak Imen Etazini, Gid Sou Konfòmite Lopital Biwo Enspekte Jeneral la, Mas 1998

Deklarasyon American Hospital Association ak New Jersey Hospital Association sou Prensip ak Gid Sou Pratik Faktirasyon ak Koleksyon Lopital  
Lwa New Jersey, A 2609

**ANÈKS A**

**CAPITAL HEALTH  
FÈY KALKIL FINANSYE KONFIDANSYÈL**

**DAT SÈVIS** \_\_\_\_\_

**NON PASYAN AN** \_\_\_\_\_

**ADRÈS:** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**TELEFÒN:** \_\_\_\_\_

**MOUN KI RESPONSAB** \_\_\_\_\_

**ADRÈS:** \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**KOTE L AP TRAVAY**

**PASYAN:** \_\_\_\_\_

**PARAN/MARI/MADANM:** \_\_\_\_\_

**PARAN/MARI/MADANM:** \_\_\_\_\_

**KANTITE MOUN NAN FANMI AN**

**KANTITE MOUN NAN KAY LA:** \_\_\_\_\_

**LÒT DEPANDAN:** \_\_\_\_\_

**REVNI CHAK MWA (POU DAT SÈVIS LA SÈLMAN)**

**REVNI PASYAN AN** \_\_\_\_\_

**REVNI MARI/MADANM** \_\_\_\_\_

**REVI PAPA (SI PASYAN AN MINÈ)** \_\_\_\_\_

**REVNI MANMAN (SI PASYAN AN MINÈ)** \_\_\_\_\_

SIPÒ TIMOUN \_\_\_\_\_

SEKIRITE SOSYAL \_\_\_\_\_

PANSYON \_\_\_\_\_

SSI/ANDIKAP \_\_\_\_\_

KOUPON MANJE \_\_\_\_\_

LÒT REVNI

(  ) WI \_\_\_\_\_

(  ) NON \_\_\_\_\_

**REVNI TOTAL CHAK MWA** \_\_\_\_\_

Mwen jire enfòmasyon ki anwo a vrè ak egzat epi mwen te fè aplikasyon sa a pou pèmèt Capital Health jije kalifikasyon mwen pou jwenn yon rabè nan depans medikal ki soti nan pòch mwen. Si nenpòt nan enfòmasyon mwen bay yo la a pa vrè, mwen konprann Capital Health ka re-evalye sitiyasyon finansye mwen epi aji fason ki nesesè pou touche lajan mwen dwe sou kont mwen a.

**PASYAN, PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL:**

---

(Ekri Non ak Lèt Detache)

---

(Siyen la)

---

(Dat)

**Anèks B**

**Lis Pwofesyonèl Swen Sante Capital Health**

**Gwooup sa yo pa garanti sou Prensip Asistans Finansye Capital Health la:**

Capital Health Medical Group  
Capital Health Multispecialty Group

**Liy sèvis yon pwofesyonèl swen sante bay bòdwo sa yo pa garanti sou Prensip Asistans Finansye Capital Health la:**

Sèvis Anestezyoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Kadyo-Torasik & Vaskilè Pwofesyonèl  
Sèvis Maladi Kadyo-vaskilè Pwofesyonèl  
Sèvis Medsin Swen Kritik Pwofesyonèl  
Sèvis Dantis Pwofesyonèl  
Sèvis Dèmatoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Medsin Ijan Pwofesyonèl  
Sèvis Andokrinoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Medsin Familyal Pwofesyonèl  
Sèvis Gastwo-Antewoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Chiriji Jeneral Pwofesyonèl  
Sèvis Ematoloji/Onkoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Epatoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Maladi Enfektye Pwofesyonèl  
Sèvis Medsin Entèn Pwofesyonèl  
Sèvis Nefwoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Chiriji Newolojik Pwofesyonèl  
Sèvis Newoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Obstetrik/Jinekolojik Pwofesyonèl  
Sèvis Oftalmolojik Pwofesyonèl  
Sèvis Chiriji Oral & Maksilo-Fasyal Pwofesyonèl  
Sèvis Ôtopedik Pwofesyonèl  
Sèvis Otolarenkoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Patoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Chiriji Pedyatrik Pwofesyonèl  
Sèvis Pedyatrik Pwofesyonèl  
Sèvis Chiriji Plastik & Rekonstriktif Pwofesyonèl  
Sèvis Podyatri Pwofesyonèl  
Sèvis Sikyatri Pwofesyonèl  
Sèvis Sikoloji Pwofesyonèl  
Sèvis Pilmonè Pwofesyonèl

Sèvis Radyasyon Onkoloji Pwofesyonèl

Sèvis Radyoloji Pwofesyonèl

Sèvis Medsin Reyabilitasyon Pwofesyonèl

Sèvis Rimatoloji Pwofesyonèl

Sèvis Torasik Pwofesyonèl

Sèvis Iwoloji Pwofesyonèl

Sèvis Vaskilè Pwofesyonèl